



Avi sou Pratik Konfidansyalite

Avi Pratik Konfidansyalite sa a dekri kijan Cambridge Health Alliance ak afilye li yo ka itilize epi divilge enfòmasyon sante ou epi kijan ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sa yo. Tanpri revize li ak anpil atansyon.

Cambridge Health Alliance (CHA) sèvi pasyan nan plizyè kote nan Cambridge, Somerville ak zòn metwopolitèn nò Boston an. Aprann plis bagay sou CHA nan www.challiance.org.

Lè w ap resevwa swen nan CHA, founisè swen sante w yo kreye yon dosye medikal, ki ka sou papye oubyen elektwonik. Dosye medikal la gen enfòmasyon sou istwa medikal ak/oswa sante mantal ou, tès yo, swen ou te resevwa a, ak reyaksyon ou a swen an. Li kapab genyen tou enfòmasyon konfidansyèl, tankou tretman pou abi sibstans, sante mantal, oswa VIH. Dosye medikal CHA a kapab genyen tou enfòmasyon sou swen yo te resevwa nan men founisè ki pa nan sistèm CHA a.

CHA itilize enfòmasyon medikal ou yo pou sipòte swen ou resevwa nan CHA. CHA pataje enfòmasyon medikal ou yo tou ak founisè ekstèn deyò CHA ki trete w oswa ki enplike nan kowòdinasyon swen w ap resevwa a. CHA kapab pataje enfòmasyon medikal ou yo tou pou lòt rezon otorize, tankou jwenn peman oswa sipòte operasyon swen sante, tankou:

- Founisè ki pa nan CHA yo ka jwenn aksè a enfòmasyon medikal ou yo (sof si ou di nou ke ou gen objeksyon) pou konprann istwa medikal ou atravè yon lyen elektwonik asire tankou CareEverywhere oswa lòt echanj enfòmasyon sou sante.
- CHA ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak plan sante pou peman epi ak lòt moun pou patisipe nan aktivite amelyorasyon kalite, jesyon itilizasyon, jesyon kontra ak finansye, ak jesyon ka.

Si nou pataje enfòmasyon medikal ou yo, lwa federal sou vi prive (tankou HIPAA) toujou pwoteje enfòmasyon ou yo, men moun k ap resevwa yo ka divilge yo ankò nan sikonstans limite kote yo pa t ap pwoteje ankò.

Ki moun ki pral swiv avi sa a

Tout founisè swen sante ak anplwaye ki travay nan CHA oswa ki se manm pèsònèl medikal CHA a gen aksè a dosye medikal ou.

Dwa ou yo

Nan sa ki gen pou wè ak enfòmasyon sou sante w, ou gen sèten dwa. Ou gen dwa pou w:

Chache jwenn yon kopi dosye medikal ou sou papyè oswa elektwonik

- Ou ka mande pou wè oswa jwenn yon kopi elektwonik oswa enprime nan istwa medikal ou ak lòt enfòmasyon sante nou genyen sou ou. Ou ka mande kopi istwa medikal ou atravè kont MyChart ou a oswa dirèkteman nan Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante CHA a. Gade <https://challiance.org/patients-visitors/medical-records>.

- N ap ba ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante w, anjeneral nan lespas 30 jou apre demann ou an. Nou ka chaje yon frè rezonab ki baze sou pri pou kèk demann.

Mande nou korije dosye medikal ou

- Ou ka mande nou pou nou korije nenpòt enfòmasyon sou sante ou ke ou kwè ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou nou fè li.

- Nou ka di "non" a demann ou an, men n ap di w poukisa alekri nan 60 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande pou nou kontakte w nan yon fason espesifik (pa egzanp, telefòn lakay ou oswa nan biwo) oswa voye kourye nan yon lòt adrès.

- N ap di "wi" pou tout demann ki rezonab.

Mande nou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou ka mande pou nou pa itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante ou pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo. Nou pa oblije aksepte demann ou an epi nou ka di "non" si sa ta afekte swen ou an.

- Si ou peye pou yon sèvis oswa yon atik swen sante antyèman ak pwòp lajan ou, ou ka mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon sa a pou rezon peman oswa operasyonèl ak konpayi asirans sante ou. N ap di "wi" sof si yon lwa egziye nou pataje enfòmasyon sa yo.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ou yo avèk yo (pou lòt rezon apa tretman, peman, ak operasyon swen sante)

- Ou ka mande yon lis (rapò) sou konbyen fwa nou te pataje enfòmasyon sou sante w pandan sis ane anvan dat demann lan, ak ki moun nou te pataje l epi poukisa.

- Nou pral mete tout divilgasyon eksepte sa yo ki konsène tretman, peman ak operasyon swen sante, ak kèk lòt divilgasyon (tankou nenpòt lòt ou te mande nou fè). N ap ba ou yon rapò kontablite gratis chak ane, men n ap fè w peye yon frè rezonab si w mande yon lòt nan lespas 12 mwa.

Chache jwenn yon kopi avi konfidansyalite sa a

Ou ka mande yon kopi enprime avi sa a nenpòt ki lè, menm si ou te dakò pou resevwa avi a elektwonikman. N ap ba ou yon kopi enprime pi vit posib.

Chwazi yon moun ki pou aji pou ou

- Si ou nonmen yon moun kòm reprezantan sante ou, reprezantan legal pou swen medikal ou, oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa a ka egzèse dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon sante ou.

- N ap asire nou ke moun nan gen otorite sa a epi li ka aji nan non ou anvan nou fè nenpòt aksyon.

Depoze yon plent si w santi yo vyole dwa w yo

- Ou ka depoze yon plent si ou kwè nou vyole dwa ou yo lè w kontakte Biwo Konfidansyalite CHA a nan 617-591-4819.

- Ou ka depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an lè w voye yon lèt nan adrès sa a: 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, lè w rele 1-877-696-6775, oubyen lè w vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/

- Nou p ap fè okenn aksyon pou vanje kont ou paske ou depoze yon plent.

Chwa w yo

Pou sèten enfòmasyon sante, ou ka di nou chwa w yo konsènan sa nou pataje. Si ou gen yon preferans byen presi konsènan fason nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki dekri anba yo, tanpri pa ezite fè nou konnen. Di nou sa ou vle nou fè, epi n ap swiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou w di nou:

- Pataje enfòmasyon sa a avèk fanmi ou, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki enplike nan swen ou.

- Pataje enfòmasyon nan sitiyasyon sekou apre katastwòf

- Mete enfòmasyon ou yo nan anyè lopital la.

Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp si ou pèdi konesans, nou ka toujou pataje enfòmasyon ou yo si nou kwè se li k ap pi bon pou ou. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo tou lè sa nesèsè pou diminye yon menas grav ak iminan pou sante ouwa sekirite.

Nan ka sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon w sof si ou ba nou yon pèmisyon alekri:

- Objektif maketing

- Vann enfòmasyon ou yo
- Pifò nan echanj nòt sikoterapi yo

Nan ka pou ranmase lajan:

- Nou ka kontakte ou konsènan aktivite pou ranmase lajan, men ou ka di nou pou nou pa kontakte ou ankò.

Itilizasyon ak Divilgasyon nou

Nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sante w nan fason ki annapre yo.

Pou trete ou

Nou ka itilize enfòmasyon sante ak pataje l avèk lòt pwofesyonèl k ap trete w enkli avèk pwofesyonèl ki nan lòt kote y ap trete w yo.

Egzanp:

- Yon founisè swen sante k ap trete w pou yon blesi mande yon lòt founisè swen sante enfòmasyon sou eta sante jeneral ou oswa li revize dosye medikal elektwonik ou pou l ka aprann sou istwa sante w.
- Si ou te deja nan lopital, nou ka pataje enfòmasyon ak doktè abityèl ou a oswa yon etablisman tankou yon mezon retrèt pou ede w planifye swen ou apre ou fin kite lopital la.

Pou dirije òganizasyon nou an

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sante ou pou administre pratik nou an, amelyore swen ou, epi kominike avèk ou lè sa nesesè.

Egzanp:

- Nou itilize enfòmasyon sante ou pou jere tretman ak sèvis ou yo.
- Nou itilize enfòmasyon sou sante pou fòme oswa anseye doktè oswa lòt travayè sante ak etidyan.
- Nou itilize enfòmasyon sou sante pou kontwole kalite swen an epi pou fè amelyorasyon lè sa nesesè.
- Nou itilize enfòmasyon sou sante pou nou konfòme nou avèk estanda ajans regilasyon yo mete an plas, tankou Joint Commission, Massachusetts Department of Public Health, Medicare, oswa Medicaid.

Pou faktire sèvis ou yo

Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon sante pou voye bòdwo ak resevwa peman nan men plan sante oswa lòt antite yo.

Èd ak pwoblèm sante piblik ak sekirite

Nou ka pataje enfòmasyon sante w pou sèten sitiyasyon tankou:

- Prevansyon maladi
- Èd ak jesyon rapèl pwodwi yo
- Rapò sou reyaksyon negatif a medikaman
- Rapòte ka prezime abi, neglijan oswa vyolans domestik
- Pou anpeche oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun
- Reponn a sèten demann otorize ki soti nan lapolis, tankou pou idantifye oswa lokalize yon moun ki disparèt, yon sispèk, oswa yon fijitif.

Fè rechèch

Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon w pou rechèch sante.

Respekte lalwa

Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lalwa eta a oswa lalwa federal la egzije sa, tankou avèk Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si yo vle verifye ke nou respekte lwa federal sou vi prive tankou HIPAA (Lwa sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante, jan yo te modifye l) ak Tit 42 nan CFR, Pati 2.

Reponn a demann pou don ògan ak tisi

Nou ka pataje enfòmasyon sante w yoavèk òganizasyon akizisyon ògan.

Travay avèk yon medsen lejist oswa yon direktè ponp finèb

Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ak yon jij enstriksyon, yon medsen lejist, oswa yon direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

Reponn a demann konpansasyon travayè yo, lapolis, ak lòt demann gouvènman an

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante w:

- Pou reklamasyon konpansasyon travayè yo
- Pou rezon ki fè respektè lalwa oswa avèk yon ofisyèl ki fè respektè lalwa (eksepte ke nou pral konfòme nou avèk Pwoteksyon Konfidansyalite Ranfòse CHA a pou Sèvis Depandans pou Pasyan Ekstèn ki dekri nan Avi sa a)
- Òganizasyon siveyans sante yo responsab pou aktivite lalwa otorize yo.
- Pou fonksyon espesyal gouvènman an tankou sèvis militè, sekirite nasyonal, ak pwoteksyon prezidansyèl

Reponn a pwosè ak aksyon legal yo

Nou kapab pataje enfòmasyon sante w pou n reponn yon òdonans tribinal oswa administratif, oswa pou nou reponn yon manda. Sepandan, nou pral konfòme nou avèk Pwoteksyon Konfidansyalite Amelyore pou Sèvis Depandans pou Pasyan Ekstèn CHA yo ki dekri nan Avi sa a.

Kijan nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante w ankò?

Nou gen pèmasyon oswa obligasyon pou pataje enfòmasyon ou yo nan lòt fason, jeneralman nan fason ki kontribye nan byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch.

Nou dwe satisfè anpil kondisyon legal anvan nou ka pataje enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Gade: www.hhs.gov/hipaa/index.html.

Pwoteksyon konfidansyalite amelyore pou sèvis tretman adiksyon pou pasyan ekstèn CHA a

Sèvis Tretman pou Adiksyon Ekstèn (OAS) CHA a se yon pwogram tretman pou pwoblèm abi sibstans ki reglemante pa gouvènman federal la, epi dosye tretman ou yo pwoteje pa yon konfidansyalite ranfòse anba Pati 2. Nou pral mande konsantman ekri ou yon sèl fwa pou pèmèt nou pataje dosye OAS ou yo pou nou ka trete ou, faktire sèvis nou yo, epi jere òganizasyon nou an (gade egzanp itilizasyon sa yo pi wo a).

Sa vle di ke si ou pèmèt nou pataje enfòmasyon ou yo deyò OAS la, ekip swen CHA ou a ak founisè swen CHA ekstèn yo ap kapab kominike pi fasil youn ak lòt epi ba ou swen ki pi asire Si ou bay konsantman w, lòt lwa federal sou vi prive (tankou HIPAA) toujou pwoteje enfòmasyon w yo, men moun k ap resevwa yo ka divilge yo ankò nan sikonstans limite, an akò avèk HIPAA epi jan sa dekri nan avi sa a.

Nou p ap di pèsoun deyò CHA ke w ap vini nan OAS la, ni nou p ap itilize oswa divilge okenn enfòmasyon sou tretman w nan OAS la, sof si (1) ou bay konsantman w, (2) si nou resevwa yon lòd tribinal (ak avi ak dokiman ki gen rapò) ki oblije nou pataje enfòmasyon an, (3) si gen yon

ijans medikal, oswa (4) si divilgasyon an fèt bay pèsonèl kalifye pou rezon rechèch, odit, oswa evalyasyon pwogram.

Ou gen dwa pou retire konsantman ki pèmèt nou pataje dosye OAS ou yo.

Nou p ap kontakte w pou nou fè efò pou ranmase lajan san nou pa ba w opòtinite pou w refize anvan.

Kominikasyon nou

Nou ka kontakte ou konsènan swen medikal ou a lè n sèvi avèk nimewo telefòn/tèks ak adrès imel ou ban nou yo. CHA itilize plizyè founisè ekstèn pou jere kominikasyon SMS/imèl sa yo, sa vle di ou ka resevwa mesaj ki soti nan diferan nimewo. Mesaj sa yo ka gen ladan yo apèl otomatik, mesaj vwa preanrejistre oswa sentetize, SMS, oswa imel. Lè nou kontakte w nan fason sa a, w ap gen opsyon pou w chwazi pou w pa resevwa kominikasyon sa yo ankò nan men founisè sa a. Pou dezabòne nan notifikasyon pasyan CHA ki soti nan yon lòt founisè, ou ka bezwen dezabòne separeman.

Mesaj nou yo ka gen ladan yo, men yo pa limite a, enfòmasyon sou rapèl randevou, swen prevantif, planifikasyon pou kite lopital, faktirasyon, rapèl preskripsyon, opòtinite rechèch, pwodwi ak sèvis nou yo, sondaj, sante jeneral ou, ak avi regilasyon yo bay nan plas kourye premye klas. Piske SMS ak imèl yo voye andeyò pòtal MyCHART nou an ka pa chifre, gen yon risk pou yon lòt moun ka li yo oswa jwenn aksè a yo. Se poutèt sa, n ap pran mezi pou limite kantite enfòmasyon sante pwoteje yo genyen. Mesaj yo voye atravè pòtal MyCHART nou an sekirize epi yo chifre.

Reponsabilite nou yo

- Lalwa egziye nou pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou yo.
- N ap avize w san pèdi tan si ta gen yon vyolasyon done ki ta ka konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou dwe konfòme nou avèk obligasyon ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo jan sa dekri la a, sof si ou otorize nou fè sa alekri. Si ou ban nou konsantman ou, ou ka chanje lide w nenpòt ki lè. Tanpri fè nou konnen alekri si ou chanje lide.

Si nou pa konfòme nou avèk Pati 2 ak lòt lwa sou vi prive tankou HIPAA, CHA ka sibi sanksyon sivil ak/oswa kriminel.

Pou plis enfòmasyon, gade:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan kondisyon avi sa a

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman sa yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan sal datant nou yo ak sou sit entènèt nou an.

Lòt enfòmasyon

- Avi sa a te antre an vigè depi 15 me 2017 epi li te revize nan dat 2 fevriye 2026.
- Ou ka kontakte Biwo Konfidansyalite nou an nan nimewo 617-591-4819 oubyen nan ekri Biwo Konfidansyalite a, Cambridge Health Alliance, 1493 Cambridge Street, Cambridge MA 02139.

To receive a copy of this notice in your language, ask the front desk at your provider's site or contact our Privacy Officer as noted above.

.

Para receber uma cópia deste aviso em seu idioma, por favor, solicite na recepção do escritório do seu provedor ou entre em contato com o nosso Diretor de Privacidade conforme mencionado acima.

Pou resevwa yon kopi avi sa a nan lang ou, tanpri mande resepsyonis nan klinik founisè w la oswa kontakte Ofisye Konfidansyalite nou an jan li note anwo a.

Para recibir una copia de este aviso en su idioma, solicítelo en la recepción de su consultorio médico o comuníquese con nuestro Oficial de Privacidad como se indicó anteriormente.

Revize 2 fevriye 2026